



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU KONFIMASYON CAITLIN HALLIGAN

"Soti nan sèvi kòm Pwokirè Jeneral pase nan sèvi nan biwo Pwokirè Distrik Manhattan pou rive nan biwo Tribinal Siprèm Etazini an, Caitlin Halligan te pase karyè li nan eksele nan pi wo nivo sistèm jistis la, epi li gen yon eksperyans san parèy nan tou de sèvis piblik ak pratik prive yo. Li te defann lokatè yo, pou prevansyon vyolans ak zam, ak pou salè egal pou jwè foutbòl Ekip Nasyonal Feminen Etazini an. Kalifikasyon li yo estrawòdinè epi entèlijans li san parèy.

Mwen fyè dèske mwen te nonmen Caitlin Halligan pou sèvi kòm Jij Asosye nan Tribinal Dapèl Eta New York la, epi mwen kontan ke Sena a te konfime l avèk sipò toulede pati yo.

Mwen gen konfyans ke Caitlin Halligan pral yon ogmantasyon fenomenal nan pi wo tribinal eta nou an, pou ede Tribinal Dapèl Eta New York la vin tounen yon lòt fwa ankò youn nan egzanp prensipal nan peyi nou an nan zafè bon kalite jirispridan reflechi."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)